# NÓKIS RAYONÍNDAǴÍ 15-SANLÍ BALALAR MUZÍKA MEKTEBI

**Kamalova Gúlmaryam Maksetdullaevna**
*Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis Filialı, "Ulıwma kásiplik hám social gumanitar pánler" kafedrası oqıtıwshısı*
**Abdikarimova Indira Toxtarbay qızı**
*Muzıkatanıw qánigeligi bakalavr baǵdarınıń 1-kurs studenti.*

**Annotaciya**: *Bul maqalada 15-sanlı balalar muzıka hám kórkem óner mektebiniń ashılǵan waqıtınan baslap házirgi kúnge shekemgi bolǵan jetiskelikleri, qaysı bólimler iskerlik júritiwi hámde kemshilikleri haqqında sóz etiledi.*

**Giltsózler:** *Muǵallim, oqıwshı, jetiskenlik, fortepiano, súwretshilik óneri, baqsıshılıq óneri, mektep, xalıq sazları orkestrı, estrada atqarıwshılıǵı*

**Аннотация:** *В статье рассматриваются достижения и проблемы Детской школы музыки и искусств № 15 с момента ее основания и до настоящего времени.*

**Ключевые слова**: *Учитель, ученик, фортепиано, искусство живописи, школа, народный оркестр, эстрадное исполнительство.*

**Annotation:** *The article discusses the achievements and shortcomings of Children's Music and Arts School No. 15 from its founding to the present day.*

**Keywords:** *Teacher, student, piano, orchestra, school, orchestra of folk music, performing arts.*

Ózbekstan Respublikasında kórkem óner mádeniyatınıń rawajlanıwı joqarı hám arnawlı bilim jurtlarınıń ashılıwı menen baylanıslı. 1918-jılı Ózbekstanda Túrkstan xalıq Konservatoriyası, soń 1934-jılı Joqarı muzıka mektebi, 1936-jılı Tashkent mámleketlik Konservatoriyası, 2002-jılı bolsa Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası iskerlik alıp bardı. Sol qatarda Qaraqalpaqstan Respublikasında 1934-jılı Tórtkúl rayonında muzıka mektebi

shólkemlestiriledi, buǵan jaqınnan járdem beriw ushın Keiv, Rossiya, Ukraina mámleketlerinen kompozitor hám muǵallimler keledi. Keyin ala bul muzıka mektep Nókis qalasına kóship keledi. Bul muzıka jónelisindegi mektep hám joqarı oqıwlardıń ashılıwı hár balanıń muzıka menen shuǵıllanıwına kóp imkaniyat berdi, muzıka mektep kóship kelgennen keyin Qaraqalpaqstan Respublikasınıń hár bir rayon hám qalalarında muzıka mektepleri shólkemlestiriledi. 1980-jılǵa kelip, 1-sentyabr kúni Nókis rayonında 15-sanlı Balalar muzıka hám kórkem óner mektebi Qaraqalpaqstan Respublikası Bilimlendiriw Ministrliginiń quramında ashıladı. Keyin ala muzıka jónelisi boyınsha joqarı oqıw orınları ashıladı. Mısalı: 2020-jılı Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoyevtıń Qaraqalpaqstan Respublikasına saparı dawamında Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası filialı Qaraqalpaqstan Respublikasında ashıwdı rejelestiredi. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarı Keńesininńnáwbetten tısqarı 8-sessiyasına muwapıq 2021-jılı Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı ashıladı. Qaraqalpaqstanda da kóp jıllar dawamında muzıka mádeniyatı rawajlanıp, jańadan qánigelestirilgen mádeniyat mektepler, muzıka mektepleri, opera hám baqsıshılıq mektepleri rawajlanıp házirgi kúnge shekem kóplegen jetiskenliklerge erisip kelmekte.

Prezidentimiz tárepinen 2008-jıl 8-iyulda qabıl etilgen "Balalar muzıka hám kórkem óner mektepleriniń materiallıq-texnikalıq bazasın rawajlandırıw hám jáne de bekkemlew tuwrısında"ǵı nızamǵa tiykarlanıp 2011-jılı "KKMB" MChJnıń ulıwma finanslıq smetası 940 mln sumlıq rekonstrukciya jumısları alıp barıldı. Jıl dawamında mekteptiń materiallıq-texnikalıq bazası Ministrdiń «Tálim barısın támiynlew» bólimi tárepinen 237 mln sumlıq muzıka ásbap úskeneleri menen támiynlendi. Mektep imaratı hár tárepleme qolaylıqlarǵa iye, 150 oqıwshı ushın mólsherlep salınǵan. Mektep rayon orayında jaylasqanlıǵı oqıwshılar qatnawı ushın qolaylı. Házirgi kúnde koncert zalı, oqıwxanaları, xoreografiya zalları bárshe qolaylıqlarǵa iye.

Mekteptiń jetiskenlikleri haqqında aytıp ótetuǵın bolsaq, Respublika kóleminde ótkerilgen kópshilik kórik-tańlaw hám mádeniy is ilajlarda mektep oqıwshıları belsendilik penen qatnasıp kelmekte, mısalı: baqsıshılıq bólimi

muǵallimi 2011-jılı Primov Rawaj, 2013-jılı súwretlew óneri bólimi muǵallimi Xojaniyazov Ómirbek «Qaraqalpaqstan Xalıq bilimlendiriw aǵlası» ataqların alıwǵa miyassar boldı. Bıyılǵı oqıw jılında ulıwma mektep boyınsha 64 sonnan 31 muǵallim joqarı maǵluwmatlı, 8 joqarı maǵluwmatlı emes, 25 muǵallim orta maǵlumatlı. Mekteptiń oqıwshılar boyınsha kontingenti 460 oqıwshı bolıp, sonnan 80 oqıwshı mektepti tabıslı tamamlap pitkeriw guwalıqları tapsırıldı. Muzıka hám kórkem óner mektebi 10 bólim 11 jónelis boyınsha keleshek jaslarına kórkem óner sırların úyretip kelmekte.

Nókis rayonında balalar muzıka mektebi ashılǵan waqıtta Fortepiano, Xalıq sazları bólimleri bolıp, 56 oqıwshıǵa 8 muǵallim tálim-tárbiya bergen.



1985-jıldan baslap Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat Ministrligi quramına ótkerildi. Nókis rayonı Balalar muzıka hám kórkem óner mektebinde 1980-1985-jıllar aralıǵında Klim Qallievich Ayımbetov, 1986-1992-jıllar aralıǵında Ǵaniybay Amaniyazov, 1992-2004-jıllar aralıǵında Kamal Ulpetovich Nurıllaev, 2004-2007-jıllar aralıǵında Ibadullaeva Zamira Quwanıshbaevna direktor wazıypasında jumıs alıp bardı. Muzıka mektepte 1993-jılı Folklor bólimi ashılǵan bolsa, 2004-jılı Súwretlew óneri bólimi ashıldı. Al 2014-jılǵa kelip Estrada bólimi ashıladı. Al 2013-jıldan baslap, mektep abrayın respublika kóleminde joqarı orınlarǵa alıp shıǵıw maqsetinde óz iskerligin, kúsh jigerin ayanbay bir qansha jumıslardı alıp barıp atır. 2013-jıl 30-avgust kúni óziniń gezektegi pedagogikalıq keńesin pedagog oqıtıwshılar jámááti menen birgelikte ótkerdi. Bul keńeste mekteptiń bárshe muǵallimleri tolıǵı menen qatnastı. Pedagogikalıq keńesti mektep direktorı Z.Ibadullaeva ashıp beredi. Gáp juwmaǵında 2013-2014-jılında isleniwi tiyis bolǵan jumıslar, rejeler haqqında aytıp ótti. Mektepte ulıwma 5 bólim bolıp, bul bólimler boyınsha 82 oqıwshı oqıwǵa tapsırǵan.

1. Xalıq sazları bólimi 14 oqıwshı.
2. Folklor bólimi 44 oqıwshı.
3. Fortepiano bólimi 7 oqıwshı.
4. Súwretlew óneri 8 oqıwshı.
5. Xoreografiya bólimi 9 oqıwshı.



2014-jılı 26-fevral kúni mektepte M.Kari-Yakubov atındaġı kórik tańlawdıń rayonlıq basqıshı ótkerildi. Jarıs barısında jeńimpazlar anıqlanıp qalalıq respublika basqıshına jollama berildi.





2014-jıl 30-aprel kúni mektep koncert zalında "Ǵarezsizlik ġumshaları" atlı kórik-tańlaw ótkerilip, oġan mektepte oqıp bilim alıp atırġan bir qatar oqıwshılar qatnasıp, sıylı orınlardı jeńip alġan.



Jarıs 6 jóneliste alıp barılġan:

1. Milliy atqarıwshılıq.
2. Estrada atqarıwshılıġı.
3. Jeke saz atqarıwshılıġı.
4. Ansambl atqarıwshılıġı.
5. Topar ayaq-oyın atqarıwshılıġı jólisleri boyınsha oqıwshılar óz-ara bellesti.



Jarıs juwmaġında

1. Milliy atqarıwshılıq jónelisi boyınsha: 1-orındı folklor bólimi 3-klass oqıwshısı Karimbaev Jaxangir, al 2-orındı mekteptiń folklor bólimi 4-klass oqıwshısı Berdimuratova Aysholpan jeńip aldı.

2. Etrada atqarıwshılıġı jónelisi boyınsha 1- orındı mekteptiń Ayaq-oyın bólimi oqıwshısı Turġanbaev Atabek jeńip alıp qalalıq basqıshqa jollama aldı.

Sonda-aq 2-orındı folklor bólimi 5-klass oqıwshısı Óteeva Raygúl, 3-orındı folklor bólimi 5-klass oqıwshısı Jumanazarova Raxima jeńiske eristi.

   

3.Jeke saz atqarıwshılıǵı boyınsha 1-orındı Xalıq sazları bólimi oqıwshısı Jalǵasbaeva Biybimaryam 2-orındı folklor oqıwshısıı Azerbaev Ótkirbay jeńip aldı.

4. Ansambl atqarıwshılıǵı jónelisi boyınsha 1-2-orındı Xalıq sazları ansambli al 3-orındı folklor ansambli jeńip aldı.

5. Topar ayaq-oyın atqarıwshılıǵı jónelisi boyınsha mektep ayaq-oyın bólimi janınan dúzilgen "Jigitler" toparı 1-orındı alıwǵa eristi hám hár bir topar basqısh jeńimpazları qalalıq basqıshqa jollama aldı.

Mektep ashılǵanınan berli respublika kóleminde kóplegen jetiskenliklerge erisip kelinbekte. 1980-2015-jıllarda 300 den artıq oqıwshılar pitirip, kóplegen oqıwshılar ulıwma bilim beriw mekteplerine oqıwǵa kirip, óz ustazları jolınan barıp, sol mektepte oqıtıwshı bolıp islep atır.

Oqıwshılardı mektepte oqıw-tárbiya jumısları menen bir qatarda jámiyetlik jumıslarda da aktiv bolıwǵa, 2014-2015-oqıw jılında mektepke bala tartıw jumıslarına hámme teńdey juwapker ekenligi hámde bárshe bul iske jedel kirisiw kerekligi tapsırma etip tapsırıldı. Mektepke bıyılǵı oqıw jılında keminde 70 bala qabıllaw kerekligi usınıs etildi. Házirgi kúnde mektepte 6 bólim 1-klasqa oqıw ushın barlıq bólimler boyınsha 30 oqıwshınıń ata-anaları ariza menen múraját aytıp ótildi. Olar tómendegishe:

1. Folklor bólimine 8 oqıwshı,
2. Xalıq sazları bólimine 5 oqıwshı,
3. Fortepiano bólimine 2 oqıwshı,
4. Súwretlew óneri bólimine 7 oqıwshı,
5. Xoreografiya bólimine 4 oqıwshı,

6. Estrada bólimine 4 oqıwshı.

Jámi barlıq bólimler boyınsha 30 oqıwshı oqıwǵa qabıl etildi.

2016-jıl 24-avgust kúni mektep koncert zalında Xalıq mekemeleri xızmetkleriniń hár jılı ótkeriliwi dástúrge avgust keńesi bolıp ótedi. Avgust keńesinde mektep Akadem-vokal bólimi oqıtıwshısı K.Esemuratova, Milliy saz bólimi baslıǵı Q.Saatdinova Nókis rayonı hákimiyatı«Húrmet jarlıǵı» menen sıylıqlandı.









2016-2017-oqıw jılında bólimler sanı 11 bolıp, sonıń menen bir qatarda bólim baslıqları, komessiya quramı hám aǵzaları saylandı olar tómendegishe:

1. Fortepiano bólimi Kamalov Sawlatbay.
2. Tarlı saz bólimi Reymova Biybisanem.
3. Xalıq sazları bólimi Dosakov Saǵıyt.
4. Milliy saz bólimi Saatdinov Quwat.
5. Milliy atqarıwshılıq bólimi Jańabaev Sultan.
6. Estrada bólimi Saparniyazova Qanshayım.
7. Akadem vokal bólimi Esemuratova Klara.
8. Súwretlew óneri bólimi Jumamuratova Gúlziyra.
9. Xoreografiya bólimi Berdiev Nurlan.
10. Teatr ómeri bólimi Tursınbaev Sharapat.
11. Qol óneri bólimi Asqarova Shayda bólim baslıqları etip saylandı.

2017-jıl sentyabr ayında mektepte 37 tiykarǵı oqıtıwshı, 14 saatpay oqıtıwshı bar. Mekteptegi 37 tiykarǵı oqıtıwshıdan 16 oqıtıwshı joqarı maǵlıwmatlı, 21 oqıtıwshı orta maǵlıwmatlı oqıtıwshılar.

2022-jıl 1-dekabr kúni «Qaraqalpaq tiline mámleketlik til biyligi» berilgenligine 33 tolıwı múnásebeti menen bayram keshesi ótkeriledi. Keshede sózge shıqqanlar, bayram ilajına qatnasıwshılardı tariyxıy sáne menen qızǵın qutlıqladı. Bayram keshesi mádeniyat bóliminiń koncert baǵdarlaması menen dawam etti.







Fevral ayında ullı shayır babamız Alisher Nawayınıń tuwılǵan kúnine baǵıshlap Xalıq sazları, Estrada qosıqshılıǵı, Súwretlew óneri bólimleriniń jıllıq “Mádeniy is rejesine oqıtıwshıları hám oqıwshıları” tárepinen shólkemlestirildi. Klass koncertte «Sóz múlki sultanı Alisher Nawayı» shıǵarmaları tiykarında saxnalıq kórinisler, ǵazellerinen úzindiler, shayırdıń dóretiwshilik jolı haqqında shıǵıp sóylewler klass koncertke ózgeshe mazmun kirgizdi. Soń oqıwshılar tárepinen atqarılǵan namalar, qosıqlar ata-analar, mektep jámááti tárepinen jaqsı qabıllandı.






2023-jılı 26-sentyabr kúni “Fortepiano bólimi baslıǵı hám solfedjio bólimi oqıtıwshısı Kamalov Sawlatbaydıń Solfedjio páninen “Ashıq sabaǵı”bólıp ótedi, ol sabaq barısında hár túrli interaktiv metodlardan paydalanadı.





Mektepte hár jıl sayın dástúrli tárizde oqıwshılardıń bilimin tekseriw maqsetinde balalar muzıka mektebi nızamlıǵı tiykarında shereklik imtixanlar texnikalıq imtixan, akademiyalıq koncert kórinisinde ótkerilip, kelinbekte. Birinshi hám ekinshi yarım jıllıq juwmaǵı boyınsha esap beriw koncertleri mektep jámááti, ata-analar qatnasıwında haqıyqıy bayram tárizinde kóterinki etip ótkeriledi. Muzıka mektepti pitkerip shıqqan shákirtleri házirgi kúnde hár túrli qala hám rayonlarda jumıs islep atır.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


**1.** Gúlmaryam K. et al. MÁDENIYAT TARAWINIŃ RAWAJLANIINDA BALALAR MUZIKA MEKTEBINIŃ TUTQAN ORNI //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2024. – Т. 47. – №. 5. – С. 96-101.

**2.** Gúlxumar D., Gúlmariyam K. BAQSISHILIQ ÓNERINIŃ RAWAJLANIWI HÁM DÁSLEPKI BAQSISHILIQ MEKTEPLERI. – 2024.

**3.** Gulmaryam K., Ǵaziynexan D. SHOMANAY RAYONI JUMABAY JIRAW BAZAROV ATINDAǴI 13-SANLI BALALAR MUZIKA HÁM KÓRKEM ÓNER MEKTEBI //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2024. – Т. 47. – №. 6. – С. 75-78.

**4.** Niyazbaeva A., Kamalova G. ÓZBEKISTON XALQ BAXSHISI QALLIEV TEŃELBAY GENJEBAEVICH IJODI //Общественные науки в современном мире: теоретические и практические исследования. – 2023. – Т. 2. – №. 7. – С. 22-24.

**5.** Gulxumar D., Gulmaryam K. BASHEROV DYNASTY //World scientific research journal. – 2023. – Т. 22. – №. 2. – С. 26-31.

**6.** Dauletyarova G., Kamalova G. A LOOK AT THE WORK OF TEACHER POLATBAY QURBANAZAROV //Modern Science and Research. – 2024. – Т. 3. – №. 1. – С. 283-288.

**7.** Segizbaeva G., Kamalova G. J. CHARSHEMOVTIŃ DÓRETIWSHILIGINDE SAHNA HÁM KINO MUZIKASI //Modern Science and Research. – 2024. – Т. 3. – №. 1. – С. 289-294.

**8.** Gúlmaryam K. et al. MÁDENIYAT TARAWINIŃ RAWAJLANIINDA BALALAR MUZIKA MEKTEBINIŃ TUTQAN ORNI //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2024. – Т. 47. – №. 5. – С. 96-101.